



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 25 janvyè 2015

**GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU YO PREPARE POU GWO TANPÈT NÈJ YO PREVWA
KAP FRAPE ZÒN ANBA ETA NAN LENDI AK MADI**

Tanpèt nèj yo prevwa ap pote jiska 2+ pye nèj nan NYC LI, Lower Hudson Valley ant lendi ak madi

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te ankouraje pou prepare pou kondisyon tanpèt nèj la ke yo prevwa kap afekte zòn pati sid eta nan kòmansman semèn sa a. Nouyòkè yo ta dwe planifye alavans pou gwo deranjman pandan lendi swa ak deplasman madi maten, sa ki gen posibilite pou reta ak fèmti wout oswa wout transpò piblik ki anile. Anplis, Nouyòkè yo ta dwe prepare pou posib pann kouran akòz gwo van kap desann liy kouran yo ak branch bwa yo.

Sèvis Nasyonal Meteyolojik nan dimanch te pibliye yon avètisman tanpèt nèj pou gwo zòn vil New York kap antre anvigè kounye a jiska madi swa. Sèvis Nasyonal Meteyolojik la prevwa akimilasyon nèj omwen 1 a 2 pye konbine avèk rafal van jiska 50 MPH. Moun yo nan rejyon an ta dwe kontwòle depre move tan ak avètisman pandan tanpèt la ap apwoche eta.

“Avèk yon gwo tanpèt nèj kap apwoche eta, mwen ankouraje Nouyòkè yo pou pran tout prekosyon ki nesèsè epi fè preparasyon pou posibilite ke vwayaj pral deranje nan lendi ak madi,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen mande tout ajans yo nan Eta pou prepare pou tanpèt nèj la e nou gen ekipman ak resous nan zòn yo prevwa kap frape pi plis. Nou pral kontinye kontwòle chemen tanpèt la kòm lap apwoche nan New York, e mwen ankouraje tout moun pou prete atansyon sou konsèy move tan kap chanje pandan yap prepare pou nèj la.”

Sant Operasyon Ijans Eta nan Albany pral gen anplwaye kòmanse nan lendi a midi, e anplwaye yo pral disponib nan sant operasyon ijans Eta nan Albany, Hawthorne ak Hauppauge pandan tout evènman pou kowòdone avèk tout konte ki afekte yo ak vil New York. Ekipman Eta pare pou tanpèt sa a enkli omwen 1,806 chas-nèj ak plis pase 126,000 tòn sèl ki divize nan rejyon an.

GAD NASYONAL

Gad Nasyonal pral gen plis pase sis douzèn anplwaye ak 20 veyikil ki estasyon nan tout rejyon an kòmanse nan lendi maten pou operasyon 24èdtan. Estasyon yo enkli nan Sant Farmingdale Gad

Nasyonal ak Gad Nasyonal Ayeryen Westhampton ki baze nan Long Island, ak lokasyon Gad Nasyonal Peekskill ak Gad Nasyonal Ayeryen Stewart ki baze nan anba Hudson Valley.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta New York pare pou l deplwaye 50 veyikil 4x4, 8 veyikil tou-teren ak 8 otomobil nèj nan rejyon an Anplis, Lapolis Eta te asiye nan rejyon yo antisipe ki pral afekte yo pral vini avèk anplwaye adisyonèl pou lè sipleman. Katye jeneral twoup sa yo gen ladan twoup F, G, K, L, ak kazèn thruway T1 ak T2. Pou ede, yo pral re-afekte yon lòt 48 twoup anplis de twoup sa yo pou travay ki gen rapò a tanpèt la.

Port Authority

Port Authority pral rankontre avèk tout depatman sèvis li yo pou asire ke preparasyon anplas pou pèsònèl ak ekipman nan tout etablisman li yo. Anplwaye operasyon yo pral travay orè 12 èdtan pou asire ke etablisman yo ka fonksyone san pwoblèm. Ayewopò yo, pon yo, tinèl yo ak PATH gen biwo metewoloji pou sezon livè kote anplwaye yo analize bilten metewolojik yo, epitou yo deplwaye anplwaye ak ekipman.

Avèk yon tanpèt nan grandè sa a, konpayi avyon yo jeneralman anile vòl yo alavans, kidonk vwayajè yo ta dwe verifye avèk konpayi yo pou asire ke vòl yo pral vwayaje anvan yo ale nan ayewopò a. Port Authority a egalman pral gen materyèl ak kad pou kouche ak lòt atik esansyèl ki pare pou akomode vwayajè yo ki ka vin bloke nan ayewopò yo.

Port Authority ankouraje moun kap vwayaje pa otobis pou yo verifye avèk transpòtè yo anvan yo ale nan tèminal otobis yo kòm anpil transpòtè prive ak piblik ka anile sèvis la si kondisyon tan an garanti sa. Ajans lan ka enpoze restriksyon sou vitès la tou sou kwazman li yo si kondisyon an tan garanti sa.

Port Authority gen ekipman nèj ki annaprè yo ak apwovizyonman ki pare nan gwo etablisman transpòtasyon li yo:

- Plis pase 200 pyès ekipman pou nèj ak glas nan ayewopò li yo, tankou aparèy pou fonn nèj ki kapab fonn apeprè 500 tòn nèj nan inèdtan, ak chas-nèj ki kapab retire nèj a 40 mph;
- Plis pase Apeprè 60 pyès ekipman nèj nan pon ak tinèl, tankou preske de douzèn chas-nèj ak epandez nan Pon George Washington, pon ki gen plis aktivite nan lemonn;
- Plizyè milye tòn sèl ak sab pou wout ayewopò yo ak pakin, plis plizyè milye tòn sèl pou pon ak tinèl yo;
- Plizyè milye galon likid sibstans chimik anti-jèl nan ayewopò yo, k ap anpeche nèj ak glas anvayi pis avyasyon ak wout taksi yo, plis apeprè 1.700 tòn dejivrè solid, k ap kase glas ak nèj ki deja nan tè a;
- Tren ki ekipe avèk chas-nèj, tren ki gen ajan likid pou fonn nèj ak yon chas-nèj ki gen “motè djèt” pou retire nèj nan chemennfè yo, ak soufflez-nèj, chas-nèj ak epandez pou netwaye antre estasyon yo, wout ki sèvi 13 estasyon PATH ak plizyè enstalasyon sipò; ak

Pou jwenn enfòmasyon pa-minit sou pasaj Port Authority, ayewopò yo ak sistèm PATH, yo ankouraje vwayajè yo pou enskri nan Port Authority alerts nan <http://www.paalerts.com/>.

Otorite Transpòtasyon Metropolitan

MTA pral kòmanse estoke tren yo anbatè demen swa pou pwoteje flòt la kont eleman yo. Dejivè ak souflez nèj ki deplwaye stratejikman nan tout rejyon an pou konsantre sou zòn anplennè ak espas ouvè yo ki pi siseptib pou gwo akimilasyon nèj. Anplwaye sipleman pral disponib pou asire sekirite nan estasyon yo nan rejyon an. Anplwaye MTA te lage sèl, netwaye platfòm yo ak eskalye yo ki gen nèj nan nèj ki te tonbe samdi a, e li pral fè sa pandan tout tanpèt kap vini an, men yo ankouraje kliyan yo pou yo pran anpil prekosyon pandan yap navige sistèm nan epi toujou kenbe manch ak ray yo.

Tout otobis MTA yo pral genyen swa chènn oswa kawotchou nèj lendi apremidi. Sèvis nòmal otobis yo pral fèt lendi maten e MTA pral fè ajisteman nan orè a pandan tanpèt la ap pwogrese jiska madi.

Thruway Authority

Thruway Eta New York te aktive sant operasyon ijans li e li pral gen disponib sou lamèn pandan tanpèt la:

- 338 chas-nèj
- 18 souflez nèj
- 55 charyo traksyon avan
- Apeprè 126,000 tòn sèl

Depatman Transpò Eta

Depatman Eta New York te aktive sant operasyon ijans li e lap mobilize ekipman adisyonèl toupatou nan eta, sa ki gen ladan 162 chas-nèj ak preske 388 operatè ak sipèvizè, nan rejyon Hudson Valley and Long Island pou ede nan tanpèt la. Lè deplwaman fin konplè, depatman transpòtasyon pral genyen 600 chas-nèj ak plis pase 1,300 operatè ak sipèvizè kap travay nan Hudson Valley ak Long Island. DOT gen yon total 1,444 chas-nèj ak 3,629 operatè ak sipèvizè ki disponib nan tout eta pou konbat tanpèt la.

Gouvènè a te bay konsèy sa yo pandan loraj la ap pwoche gwo van ak tanperati ki ba:

Pran prekosyon si vwayaj nesèsè

Li enpòtan pou chofè sou tout wout yo konnen chas-nèj woule nan vitès jiska 35 milalè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki endike a, pou yo ka asire sèl yo simen an rete nan vwa otomobil yo epi pa dispèse andeyò wout la. Souvanfwa sou otowout ant eta, chas-nèj pral opere kòtakòt; se fason pi efikas ki gen mwens danje pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Otomobilis ak pyeton yo pa dwe bliye chofè chas-nèj yo gen yon distans vizyon ki limite, epi gwosè ak wotè chas-nèj la rann li difisil pou manevre epi kanpe touswit. Nèj kap vante ki soti dèyè chas-nèj la ka

diminye anpil nan viziblité oubyen koze kondisyon “kap avegle” moun. Chofè yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen mwens danje pou chofè kondi se lwen dèyè chas-nèj yo kote wout la klè ak sale.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou kondi san pwoblèm pandan sezon livè a:

- Pa janm swiv yon chas-nèj twò pre oswa pa eseye double youn. Sonje otowout ki devan chas-nèj la toujou kouvri avèk nèj;
- Ajiste vitès ou pou eta wout la, epi toujou kite yon distans sekirite avèk lòt veyikil yo;
- Pwogramme tan anplis pou vwayaj pandan sezon livè a, epi pran pasyans pandan operasyon pou ranmase glas ak nèj;
- Mete nan tèt ou sifas pon yo glise, paske yo konjle pi vit pase sifas wout la;
- Siveye glas nwa, ki kapab difisil pou wè, men li fè eta wout yo vin glise lè tanperati asfat la anba tanperati pou konjelasyon;
- Toujou gen yon telefòn selilè nan men ou, si li posib, men pa voye tèks pandan w ap kondi; li ilegal pou kondi avèk distraksyon, epi sa ap menm vin pi danjere pandan evènman tanpèt yo;
- Pa janm soti anndan veyikil ou si zòn nan bloke avèk nèj;
- Mete materyèl pou ijans nan vwati ou, tankou sab, pèl, fize siyalizasyon, kab pou demaraj, kòd, gratwa, radyo pòtatif, flach, dra ak rad cho anplis;
- Fè yon moun ki responsab konnen kote w ale, wout ou gen entansyon fè, ak ki kantite tan sa ap pran w pou rive; epi
- Rete kam epi pa panike sizoka yon veyikil anpàn, aksidan, oswa si ou vin bloke nan nèj.

Chofè yo dwe gen atik pou ijans ki annapre yo nan machin yo:

- Flach ak pil rezèv
- Telefòn selilè chaje ak chajè machin
- Twous premye swen debaz
- Dra oubyen sak kouchaj
- Rad anplis, san bliye padesi, bòt, gan ak chosèt
- Gwatwa ak bwòs pabriz
- Ekstenktè dife
- Pèl
- Sab, sèl pou wout ak/oubyen lityè chat pou traksyon
- Chenn kawoutyou oubyen tapi traksyon
- Bwat zouti debaz, tankou pens, kle ak tounvis
- Kab remòkaj
- Kab demaraj
- Fize limyè/reflektè
- Rad ki gen gwo koulè (pou itilize kòm yon drapo)
- Kat wout yo

Gwo efò fizik, tankou pèlte nèj, netwayaj debri oswa pouse yon vwati kapab ogmante risk pou yon atak kadyak. Pou evite pwoblèm:

- Rete nan chalè, abiye avèk rad ki cho epi RALANTI lè w ap travay deyò.
- Repoze souvan pou evite twòp efò fizik.
- Si w santi doulè nan pwatrin, souf kout, oswa doulè nan machwè oswa kap desann nan bra -- SISPANN tout bagay epi mande èd imedyatman.

Si ou Nan Blakawout:

- Toudabò, rele sèvis piblik ou pou detèmine orè reparasyon nan zòn nan.
- Etenn oswa deploge limyè ak aparèy menaje pou pa kite yon sikwi chaje twòp lè yo repara sèvis la. Kite yon limyè limen pou ka konnen lè yo repara kouran an.
- Si ou pa gen chofaj pandan yon tanpèt nèj, kenbe kay ou cho. Pou fè sa, fèmen chanm ou pa bezwen yo.

Lòt konsèy sekirite pou kay:

- Lè wap retire nèj ak glas nan antre kay ak twotwa yo, rete lwen kontè gaz elektrik ak natirèl pou evite andomaje yo, pou pa entèwonp sèvis la san ou pa fè ekspè oswa mete tèt ou andanje. Nèj avèk glas kapab andomaje kontè gaz natirèl, tiyo gaz natirèl ak regilatè kontwòl gaz natirèl, kidonk pa janm antere okenn nan ekipman sa lè wap itilize yon souflez nèj oswa charyo.
- Lè wap retire nèj oswa glas sou yon twati, pa janm kite l tonbe sou kontè gas natirèl oswa kontè elektrik oswa ekipman ki gen rapò.
- Aparèy gaz natirèl chemine ak bouch vantilasyon ta dwe rete lib san nèj ak glas pou enpeche yo akimile monoksid kabòn ki potansyèlman danjere.
- Mete ou prè si ou pran sant gaz natirèl. Si ou pran yon sant souf patikilye sa - tankou sant ze pouri - leve, soti epi rele konpayi sèvis piblik ou a touswit nan yon telefòn selilè oswa nan telefòn yon vwazen.

Pou jwenn plis konsèy sou sezon fredri a, vizite Divizyon Homeland Security & Sèvis Dijans NYS nan <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/publicsafety/winter.cfm>.

Eta New York gen yon sistèm avètisman pou vwayajè kap montre antan reyèl rapò sou vwayaj ak eta wout ou ka jwenn nan nimewo telefòn 511 oubyen sou entènèt sou www.511ny.org. Sitwèb la prezante yon plan ki gen kòd koulè epi ki endike ki wout eta a ki kouvri avèk nèj, ki kouvri avèk glas, ki mouye, ki sèk oswa ki fèmen, pou ede vwayajè yo detèmine si li bon pou yo vwayaje. Li bay tou lyen pou jwenn enfòmasyon sou ayewopò, tren ak tranzit.

New York State Thruway Authority ankouraje otomobilis yo pou yo enskri pou resevwa imèl TRANSalert kap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou otowout la. Otomobilis yo ka enskri nan TRANSalerts lè yo swiv lyen sa a: <http://www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml>. Vwayajè Thruway yo kapab tou jwenn enfòmasyon nan tan reyèl lè yo swiv [@ThruwayTraffic on Twitter](https://twitter.com/ThruwayTraffic) nan Twitter oswa lè yo vizite <http://www.thruway.ny.gov> pou wè yon kat jeyografik entè-aktif kap montre kondisyon sikilasyon pou otowout la ak lòt wout nan Eta New York.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride